



LEGAL ÈD LA POU EDE TOUT MOUN! NOU OFWI KONSÈY LEGAL GRATIS PA TELEFÒN NAN PLIZYÈ JOU NAN MWA NOVANM AK MWA DESANM POU TOUT BAGAY SA YO KI EKRI ANBA 'A TANKOU:

## **LOJMAN POU KAY:**

ÈSKE OU DWE LAJAN LWEYAJ?

ÈSKE MET KAY LA AP METE OU DEYO?

ÈSKE GEN KONDISYON ANDAN KAY LA KI AFEKTE SANTE OU, KONDISYON KI PA BON POU OU, OSWA KI PA FE OU KONTAN POU KA JWI KAY LA?

ÈSKE MET KAY LA KOUPE LIMYE AK DLO NAN KAY LA?

ÈSKE MET KAY LA PA VLE REMET OU TOUT LAJAN DEPOZIT OU TE BAY LA OSWA MENM YON PATI NAN LAJAN DEPOZIT LA?

ÈSKE MET KAY LA FÈ W KONNEN KE BANK LA AP SEZI KAY LA OSWA APATMAN AN KOTE OU LWE A?

ÈSKE BANK AP SEZI KAY OU PASKE OU PA PEYE MOGEJ LA OSWA ASOSYASYON AN?

ÈSKE OU PA GEN KAY POU RETE?

## **KOLEKSYON DÈT:**

ÈSKE GEN MOUN OUD WE LAJAN KI DEPOZE YON PWOSE KONT OU NAN TRIBUNAL LA?

ÈSKE GEN MOUN OUD WE KI METE YON JIJMAN KONT OU?

ÈSKE GEN MOUN OUD WE KAP PRAN LAJAN NAN CHEK TRAVAY OU OSWA NAN KANE LABANK  
OU?

ÈSKE W GEN PWOBLÈM TAKS AVEK IRS?

## **PWOBLEM NAN FANMIY:**

ÈSKE OU BEZWEN FE CHANJMAN NAN CHILD SIPÒ POU PITIT OU OSWA PANSYON ALIMANTÈ?

ÈSKE OU BEZWEN FE CHANJMAN OSWA FE ARANJMAN POU CHAK PARAN TANKOU MANMAN AK  
PAP KAPAB PATAJE TAN YO AK PITIT YO NAN KA KOTE PARAN YO PA ABITE ANSANM?

ÈSKE MARI OU OSWA MADANM OU PA PEYE CHILD SIPÒ ANKO POU PITIT LI AK PANSYON  
ALIMANTÈ?

ÈSKE OU BEZWEN DEPOZE YON DOKIMAN POU PWOTEKSYON NAN TRIBUNAL LA KONT YON  
PATNÈ ENTIM OU AVEK LI OSWA YON MOUN KI PA GEN RELASYON ENTIM AVEK OU?

ÈSKE PITIT OU A GEN NAN PWOBLÈM SA YO NAN LEKÒL LA TANKOU: MOVE KONPÒTMAN,  
LEKOL LA SISPAAN LI, LEKOL LA CHASE LI, PWOBLEM POU APRAN, BEZWEN SÈVIS ESPESYAL  
OSWA EDIKASYON ESPESYAL?

ÈSKE W AP OKIPE YON TIMOUN KE OU PA GEN DWA LEGAL POU EDE LI?

## **BENEFIS PUBLIK:**

ÈSKE W BEZWEN ASISTANS POU MANDE FOOD STAMPS POU MANJE, MEDICAID, MEDICARE,  
SEKIRITE SOSYAL POU MOUN KI ENFIM, TANF

## VIKTIM POU KRIM:

ÈSKE OUMENM OSWA YON MOUN NAN FANMIY OU SUBI VIKTIM POU KRIM?

## PWOBLEM VETERAN:

ÈSKE OU SE YON ANSYEN LAME KI BEZWEN ASISTANS POU LOJMAN, BENEFIS, AMELYORASYON EGZEYAT, OSWA ZAFÈ FANMIY?

## TESTAMAN OSWA DOKIMAN FEN LAVI:

ÈSKE W BEZWEN FE YON TESTAMAN OSWA DOKIMAN POU BAY DWA POU DOKTE METE FEN NAN LAVI OU SI TOUFWA OU PAKA PALE?

**ENSKRI POU RESEVWA KONSÈY SA YO LÈ W RELE NOU NAN (954) 355-6256.**

SI W RANPLI TOUT KONDISYON POU KALIFYE POU SEVIS NOU SWIVAN KANTITE LAJAN OU FE, EPI PWOBLÈM OU GENYEN AN SE YOUN KI NAN LIS PAPYE SA A, W AP KA RESEVWA YON RANDEVOU PA TELEFÒN AK YON AVOKA GRATIS NAN YON DATE AVEK YON LE KOTE WAP BEZWEN POU OU METE TAN APA POU PALE AVEK YON AVOKA LE LI RELE OU NAN TELEFON. <https://www.browardlegalaid.org/>

491 North State Road 7 | Plantation FL 33317

9am – 5pm | Lendi - Vandredi